



Lwa sou imigrasyon Etazini an entèdi sèten kalite diskriminasyon ak reprezay nan travay, sa gen ladan: (1) diskriminasyon poutèt **sitiyasyon sitwayèn**te nan sa ki gen pou wè ak anbochay, revokasyon, oswa rekritman oswa referans peye moun ki gen pwoteksyon yo; ak (2) diskriminasyon poutèt **orijin nasyonal** (sa gen ladan konpayi ki gen depi kat jiska katòz anplwaye) nan sa ki gen pou wè ak anbochay, revokasyon, oswa rekritman oswa referans peye moun ki gen otorizasyon legal pou yo travay nan Etazini. Lwa a entèdi tou (3) **patipri nan zafè dokiman** ki se lè yon moun, yon biznis, yon òganizasyon oswa yon lòt antite refize aksepte yon dokiman valid, mande dokimantasyon presi oswa egzije plis dokiman, oswa dokiman ki pa menm ak sa ki nesesè yo pou ranpli Fòmilè I-9 la (Form I-9) poutèt sitiyasyon sitwayèn te oswa orijin nasyonal yon moun. Lwa a entèdi tou (4) **reprezay** kont moun poutèt yo revandike dwa yo ki jwenn pwoteksyon dapre klòz anti-diskriminasyon an nan lwa sou imigrasyon an, oswa poutèt yo patisipe oswa ede nan yon envestigasyon biwo sa a mennen.

ENSTRIKSYON POU FÒMILÈ AKIZASYON AN

Kiyès ki ka fè akizasyon: Nenpòt ki moun ki deklare yo se viktim diskriminasyon oswa reprezay oswa yon moun ki gen otorizasyon pale nan non viktim nan. **Yo dwe voye fòmilè akizasyon sa a pa lapòs nan adrès ki pi ba a oswa faks li nan (202) 616-5509 oswa voye li pa imèl nan IER@usdoj.gov nan yon delè 180 jou apati de dat diskriminasyon y ap deklare a.** Tanpri pou ranpli fòmilè sa a tape oswa ekri klè enfòmasyon nou mande yo, nan nenpòt ki lang. Si yon kesyon pa konsène ou, kite li vid.

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Immigrant and Employee Rights Section – 4CON
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

Si ou gen kesyon sou fòmilè akizasyon an ou ka poze Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye an (Immigrant and Employee Rights Section, IER) yo pa telefòn nan 1-800-255-7688 (gratis) oswa TTY 1-800-237-2515 (gratis).

SEKSYON 1: ENFÒMASYON SOU KONPAYI AN

Kiyès ki te komèt zak diskriminasyon w ap deklare a?

Non konpayi an: _____

Nimewo ak ri oswa adrès postal: _____

Nimewo pòt la: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn: _____

Si ou konnen, èske Konpayi an ap fonksyone sou lòt non? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi, sou ki lòt non? _____

Kantite Anplwaye Konpayi an anplwaye:

SEKSYON 2: KALITE DISKRIMINASYON W AP DEKLARE A

Ki kalite diskriminasyon w ap deklare? Make tout sa w ap deklare yo:

- ☐ **Diskriminasyon poutèt Orijin Nasyonal** (Pati ki Viktim nan te sibi diskriminasyon nan sa ki gen pou wè ak anbochay, revokasyon, oswa rekritman oswa referans peye poutèt Pati ki Viktim nan soti nan yon sèten peyi oswa nan yon sèten pati nan mond lan, poutèt etnisite oswa aksan Pati ki Viktim nan, oswa poutèt mank konpetans li nan anglè.)
- ☐ **Diskriminasyon poutèt Sitiyasyon Sitwayènte** (Pati ki Viktim nan te sibi diskriminasyon nan sa ki gen pou wè ak anbochay, revokasyon, oswa rekritman oswa referans peye poutèt Pati ki Viktim nan se, oubyen pa, yon sitwayen ameriken, oswa baze sou sitiyasyon imigrasyon Pati ki Viktim nan.)
- ☐ **Reprezay poutèt Aktivite ki Pwoteje Dapre 8 U.S.C. § 1324b** (Pati ki Viktim nan te depoze akizasyon diskriminasyon, te plenyen de diskriminasyon, te patisipe nan investigasyon oswa nan dosye deklarasyon diskriminasyon yon lòt moun, oswa te revandike yon lòt fason yon dwa li genyen dapre klòz anti-diskriminasyon an, epi, poutèt sa, yo te fè reprezay kont Pati ki Viktim nan, yo te kraponnen li, menase li, oswa ba li presyon.)
- ☐ **Patipri nan Zafè Dokiman** (Moun nan, biznis la, òganizasyon an, oswa yon lòt antite te refize aksepte yon dokiman valid, te mande dokimantasyon presi nan men Pati ki Viktim nan, oswa te egzije plis dokiman, oswa dokiman ki pa menm ak sa ki nesèsè yo pou reyalize pwosesis Verifikasyon Kalifikasyon pou Travay la (Form I-9 oswa E-Verify) poutèt sitwayènte oswa orijin nasyonal Pati ki Viktim nan.)

SEKSYON 3: DAT AK KOTE DISKRIMINASYON NAN TE FÈT AK DETAY DISKRIMINASYON W AP DEKLARE A

Ki lè diskriminasyon an te fèt? (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

Ki kote diskriminasyon an te fèt? Kote: _____

Vil: _____ Eta: _____

Eksplike an detay sa ki te rive a lè Pati ki Viktim nan te sibi diskriminasyon an. Mete si yo te revoke Pati ki Viktim nan, mete li an disponibilite, pa anboche li, retade kòmansman travay li, mande li plis dokiman, fè reprezay kont li, oswa yon lòt bagay, epi dekri sa ki te rive a an detay. (Tache lòt fèy si sa nesèsè. Si Pati ki Viktim nan gen dokiman pou kore deklarasyon an, ou te mèt tache yo. Tanpri se kopi dokiman yo pou w voye sèlman, pa orijinal yo.)

SEKSYON 4: KOWÒDONE PATI KI VIKTIM NAN

Non Konplè: _____

Nimewo ak Ri oswa Adrès Postal: _____

APAT.: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn: (Lakay) _____ (Selilè) _____

Imèl: _____ Pi bon lè pou kontakte ou (si ou pa gen avoka): _____

Èske ou ta renmen pou nou kominike avèk Pati ki Viktim lan nan yon lòt lang? ☐ Wi ☐ Non

Lang ou pi pito a: _____

SEKSYON 5: ORIJIN NASYONAL AK Lòt Enfòmasyon Pèsonèl Pati ki Viktim Nan

Nan ki peyi Pati ki Viktim nan te fèt? _____

Kisa oijin nasyonal (ras) Pati ki Viktim nan ye? _____

Ki dat Pati ki Viktim nan te fèt? (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

SEKSYON 6: Enfòmasyon sou Sitwayènte Oswa Sitiyasyon Imigrasyon Pati ki Viktim Nan

☐ Sitwayen

☐ Gen Nasyonalite Amerikèn

☐ Rezidan Pèmanan Legal: **Dat yo te ba li rezidans la:** (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

Èske Pati ki Viktim nan fè demann natiralizasyon? ☐ Wi ☐ Non

Dat Demann nan: (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

☐ Azile

☐ Refijye

☐ Rezidan Tanporè yo admèt dapre § 1160(a) oswa § 1255(a) (gen sèten moun ki kalifye pou yo ajiste sitiyasyon yo baze sou amannman ki te fèt nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite an (Immigration and Nationality Act, INA) nan ane 1980 yo)

☐ Okenn nan sa ki pi wo a, men gen otorizasyon travay: **Dat ekspirasyon:** (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

Tanpri presize:

☐ H-1 ☐ H-2 ☐ F-1/OPT ☐ J-1 ☐ B-1 ☐ Demandè Azil ☐ Eta Libreman Asosye (Freely Associated States, FAS)

☐ Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS): (Peyi) _____

☐ Lòt (presize): _____

Nim. A (A #)/Nim. USCIS (pou tout moun ki pa sitwayen): _____

Nim. Admisyon (si ou pa gen A #): _____

SEKSYON 7: KOWÒDONE PATI K AP FÈ AKIZASYON AN (Pati k ap Fè Akizasyon an se moun k ap depoze fòmilè sa a. Lepli souvan Pati k ap Fè Akizasyon an menm ak Pati ki Viktim nan, men pafwa yo diferan, tankou lè yon moun depoze fòmilè sa a nan non yon Pati ki Viktim.)

Èske Pati k ap fè Akizasyon an menm ak Pati ki Viktim nan? ☐ Wi, yo se menm. Si se wi, sote al nan nim. 8. ☐ Non

Non Konplè: _____ Tit: _____

Non Antite a: _____

Nimewo ak ri oswa adrès postal: _____

APAT.: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn: (Lakay) _____ (Selilè) _____

Imèl: _____ Pi bon lè pou kontakte ou: _____

SEKSYON 8: AKIZASYON OU FÈ DEVAN LÒT AJANS FEDERAL OSWA ETA BAZE SOU MENM BAGAY YO

Èske ou fè akizasyon baze sou ansanm bagay sa yo devan yon ajans gouvènman federal, eta, oswa lokal? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi: Non konplè Ajans la: _____

Nimewo ak Ri oswa Adrès Postal Ajans la: _____

Nimewo pòt la: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn: _____

Dat ou te depoze akizasyon an: (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

Nim. Dosye a (si ou konnen li): _____ Non anketè a (si ou konnen li): _____

Si IER detèmine se yon lòt ajans gouvènman ki t ap bon biwo a pou envestige deklarasyon ou an, èske ou ta renmen pou IER transfere akizasyon w lan bay biwo sa a? ☐ Wi ☐ Non, kontakte mwen anvan nou transfere akizasyon mwen an.

SEKSYON 9: KOMINIKASYON AVÈK IER

Èske ou te pale oswa kominike ak IER anvan ou te depoze akizasyon sa a? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi, ki lè? (Mwa) _____ (Jou) _____ (Ane) _____

Si se sa, kijan? ☐ Nimewo pou asistans pa telefòn nan ☐ Imèl ☐ Aktivite sansibilizasyon

Si ou konnen, ak kiyès ou te kominike nan IER? _____

SEKSYON 10: AFIMASYON AK SIYATI PATI K AP FÈ AKIZASYON AN

Èske se PATI KI VIKTIM nan k ap depoze akizasyon sa a:

Kòm moun k ap deklare mwen te viktim patipri nan travay poutèt kesyon imigrasyon, mwen konprann IER gen dwa jije li nesesè pou revele idantite mwen ak lòt enfòmasyon pandan l ap mennen investigasyon sou akizasyon mwen an, pandan nenpòt odyans oswa lòt pwosedi k ap fè poutèt akizasyon mwen an, oswa nan sèten sikonstans an repons a demann ransèyman konfòmman ak Freedom of Information Act la (Lwa sou Libète Enfòmasyon an). Mwen bay konsantman mwen pou yo fè revelasyon sa yo. Mwen afime ke, dapre sa mwen konnen, enfòmasyon mwen bay sou fòmilè sa a se laverite.

Dat: _____

(Siyati Pati ki Viktim nan)

Si se REPREZANTAN OTORIZE Pati ki Viktim nan k ap depoze akizasyon sa a:

Mwen afime ke, dapre sa mwen konnen, enfòmasyon mwen bay sou fòmilè sa a se laverite epi mwen gen otorizasyon depoze akizasyon sa a nan non Pati ki Viktim nan. Mwen konprann IER gen dwa jije li nesesè pou revele idantite mwen ak/oswa idantite Pati ki Viktim nan pandan l ap mennen investigasyon sou akizasyon sa a, pandan yon odyans oswa lòt pwosedi k ap fè poutèt akizasyon sa a, oswa nan sèten sikonstans an repons a demann ransèyman konfòmman ak Lwa sou Libète Enfòmasyon an la. Mwen bay konsantman mwen pou yo fè revelasyon sa yo.

Non Reprezantan an, an lèt detache: _____

Dat: _____

(Siyati Reprezantan Otorize a)

SEKSYON 11: ENFÒMASYON KI PA OBLIGATWA

Kijan ou te tande pale de IER? (make tout jan ou te tande pale de li yo)

- ☐ Entènèt ☐ Aktivite sansibilizasyon IER ☐ E-Verify ☐ Form I-9 oswa Manyèl Anplwaye ☐ Afich/Bwochi
- ☐ Nouvèl/rapò medya ☐ Depatman Travay (Department of Labor, DOL) ☐ Komisyon sou Chans Egal nan Zafè Travay (Equal Employment Opportunity Commission, EEOC)
- ☐ Ajans Eta oswa Lokal ☐ Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services, USCIS)
- ☐ Sendika/Gwoup Defans Enterè Kominotè ☐ Zanmi/Fanmi ☐ Lòt (presize): _____

Pati ki Viktim nan se yon (make tout sa ki vre yo):

- ☐ Ispanik oswa Latino ☐ Azyatik ☐ Nwa oswa Afwo-Ameriken ☐ Blan ☐ Endyen Ameriken oswa Natif-Natal
- Alaska ☐ Natif-Natal Awayi oswa Moun Lòt Zil Pasifik ☐ Omwen de (2) ras

DEKLARASYON LWA SOU KONFIDANSYALITE A

W ap jwenn otorite nou genyen pou nou mande enfòmasyon sa yo nan men Pati ki Viktim oswa k ap Fè Akizasyon an nan 8 U.S.C. § 1324b. Enfòmasyon Pati ki Viktim oswa k ap Fè Akizasyon an bay yo ap sèvi prensipalman pou fè investigasyon epi travay sou akizasyon diskriminasyon entèdi an; men, enfòmasyon yo gen dwa sèvi tou nan lòt objektif nòmal, jan yo detaye yo nan Federal Register Notice (Avi Rejis Federal) Depatman Jistis la ki pibliye nan Rejis Federal la nan 68 Fed. Reg. 47611 (11 out 2003) k ap dekri jan Civil Rights Division (Divizyon Dwa Sivil la) abitye sèvi ak enfòmasyon li jwenn yo. Menm si li pa oblije ranpli fòmilè sa a, si Pati ki Viktim oswa k ap Fè Akizasyon an pa bay enfòmasyon nou mande sou fòmilè sa a, sa ta ka lakòz yo anile akizasyon an oswa yo pa aksepte li. Fo deklarasyon ki fèt ak tout konesans sou fòmilè sa a ap jwenn pinisyon konfòmman ak 18 U.S.C. § 1001.

Avi sou Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administratif la

Demann sa a fèt konfòmman ak Paperwork Reduction Act (Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administratif) 1995 la. Li nesesè pou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman an travay ak fè investigasyon sou akizasyon diskriminasyon endividyèl ki an vyolasyon 8 U.S.C. § 1324b jan manda lalwa bay la egzije li. Itilizasyon dokiman sa a pou pran enfòmasyon yo ap fasilite pwosesis sa a poutèt l ap ede pati k ap fè akizasyon yo idantifye ak bay enfòmasyon ki nesesè yo pou kòmanse yon investigasyon.

Yo estime tan mwayen sa ap pran pou pran enfòmasyon sa yo se 30 minit pa pati k ap fè akizasyon oswa pa achivis, sa depann de sikonstans chak moun. Ou dwe voye kòmantè ou yo sou egzaktitid estimasyon tan sa a ak sijesyon pou redui tan sa a pou Special Policy Counsel (Konsèy Espesyal sou Politik) IER la, USDOJ-CRT-IER, 950 Pennsylvania Avenue, NW-4CON, Washington, DC 20530.

Yon ajans pa gen dwa pou li ni mennen ni parennen, epi yon moun pa oblije reponn, yon demann enfòmasyon sòf si li gen sou li yon nimewo kontwòl OMB ki valid kounye a.